# TÓLEPBERGEN QAYÍPBERGENOV POVESTLERINDEGI SYUJET TIPLERI

**Q.J.Sársenbaev** – *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** yozuvchi, povest, syujet, syujet tiplari, mahorat, bayonlash, personaj.
**Ключевые слова:** писатель, повествование, сюжет, виды сюжета, мастерство, описание, персонаж.
**Key words:** writer, novels, plot, plot types, skill, description, character.

Syujet – kórkem shığarmanıń tiykarğı estetikalıq kategoriyası bolıp, ol kórkem dóretiwshiliktiń barlıq túrlerinde ushırasadı. Kórkem shığarmalardağı syujet arqalı pútin turmıslıq hádiyseler, belgili bir jámiyetlik qarama-qarsı waqıyalar bir-biri menen baylanıslı túrde súwretlenedi. Ásirese, shığarma syujetinde jámiyetimizde júz bergen kelispewshilikler, hár qanday qarama-qarsılıqlardıń rawajlanıwınıń ashıp beriliwi, onıń aqıbetleriniń súwretleniwi hám de bul jağdaylardıń sheshiliwi oğada áhmiyetli máselelerden esaplanadı.

Kórkem shığarmadağı turmıslıq waqıyalardıń súwretleniwine qaray hár qıylı syujet tipleriniń qollanılatuğını belgili. Bul másele boyınsha, yağnıy, syujet tipleri, onıń ózgeshelikleri haqqında dúnya ádebiyattanıw iliminde ilimpazlar tárepinen hár qıylı pikirler bildirilgen. Atap aytqanda, rus ilimpazları G.Pospelov hám V.Xalizevler syujetti eki tipke, yağnıy, xronikalıq hám konsentrlik syujetke bólip qarastıradı. Ózbek ádebiyattanıw iliminde A.Rahimov syujettiń tórt tipin, yağnıy, xronikalıq syujet, konsentrlik syujet, retrospektivlik syujet hám associativlik syujet tipleriniń bar ekenligin ózbek romanlarındağı syujetlik ózgeshelikler tiykarında atap kórsetedi [6]. Ádebiyatshı E.Xudayberdiev joqarıda atı atalğan tórt syujet tipine qosımsha sintetikalıq syujet tipin, birlesken tárizli syujetti qosadı [8].

Qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde Q.Kamalov qaraqalpaq povestleri boyınsha izertlewlerinde syujetti konflikt penen baylanıstırıp kórsetse [2], P.Nurjanov qaraqalpaq romanlarındağı syujetlik bağdarlardı tariyxıy, zamanagóy hám fantastikalıq syujetlerdiń tiykarında qarastıradı[5]. Ádebiyatshı J.Sağıydullaeva XX ásirdiń 1980-jıllarındağı qaraqalpaq jazıwshılarınıń povestleriniń janrlıq-stillik ózgesheliklerin izertlewlerinde retrospektiv syujet tipin psixologiyalıq súwretlew menen baylanıstırıp kórsetse [7], al, Z.Ktaybekova ğárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq gúrrińlerinde syujettiń úsh tipi: xronikalıq, konsentrlik hám retrospektivlik syujet qollanğanlığın kórsetip ótedi [3]. Degen menen, qaraqalpaq povestleri boyınsha basqada izertlewlerdi alıp qarağanımızda, T.Qayıpbergenov povestlerinde qollanılğan syujet tipleri haqqında arnawlı túrde sóz etilmegenligin kóremiz. Usı kózqarastan alıp qaraytuğın bolsaq, T.Qayıpbergenovtıń povestlerinde qollanılğan syujetlik ózgesheliklerdi hár tárepleme izertlew jazıwshı sheberligin ashıwda áhmiyetli rol atqaratuğını anıq.

T.Qayıpbergenov óz shığarmalarında, sonıń ishinde, povestleriniń syujetinde dáwir shınlığın ashıp beriwde, jámiyetlik turmıs waqıyaların kórkem sáwlelendiriwde, adamlar arasındağı óz ara qatnaslardı súwretlewde hám xarakterlerdi rawajlandırıwda ózine tán kórkem sheberlikke iye boldı. Bunday ózgesheliklerdi onıń hár qıylı jılları dóretken povestlerindegi turmıs haqıyqatlığı menen qaharmanlar tágdirin kórkem sáwlelendiriwdegi jeke stillik ózgeshelikleri ayqın sıpatlap beredi. Ásirese, avtor óz povestlerinde jámiyettegi hám adamlar arasındağı qarama-qarsılıqlı hádiyselerdi hár qıylı kórinislerde hám hár túrli syujet tipleri járdeminde kórkem súwretlep bere alğan. Nátiyjede, jazıwshı syujet jaratıwda óziniń jeke stillik izleniwshiligine erise alğan.

Jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń dóretiwshiliginde «Sekretar», «Muğallimge raxmet», «Suwıq tamshı», «Uyqısız túnler», «Tánha ózińe málim sır», «Qara dápter» povestleri XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatında povest janrınıń ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-formalıq hám kórkemlik jaqtan rawajlanıwında salmaqlı orın iyeledi. Jazıwshınıń jámiyetlik turmıs waqıyaların súwretlew usılına qaray «Sekretar», «Muğallimge raxmet» povestleri xronikalıq syujetke, «Suwıq tamshı», «Uyqısız túnler» povestleri konsentrlik syujetke, «Tánha ózińe málim sır» povesti retrospektivlik, «Qara dápter» povesti associativlik syujetke tiykarlanıp jazılğanlığın kóremiz.

«Xronikalıq syujette waqıya tariyxıy hám logikalıq jaqtan izbe-izlikte kórsetilse»[8:80], T.Qayıpbergenovtıń «Sekretar» povestinde de urıs dáwirindegi awıl xalqınıń hám mektep oqıwshılarınıń turmıslıq turmısı xronikalıq syujet tiykarında, izbe-izlik penen súwretlenedi. Xronikalıq syujette waqıyalar arasında waqıtlıq qatnas jetekshilik etetuğın bolsa, povestte de urıs dáwirindegi waqıyalar keń epikalıq planda súwretlenip, tiykarğı syujetke járdemshi syujet liniyaları da kirgizilip, nátiyjede, úlken turmıslıq hádiyselerdiń ashılıw imkaniyatı jaratıladı. Povesttegi tiykarğı syujet liniyasına Atamurattıń klaslası Ámettiń ákesi Ataxannıń is-háreketlerine tiyisli onıń qorqaqlıq etip, urıstan qashıp keliwi, toğayda jasırınıp kún keshiriwi, awıl adamlarınıń malların urlawı sıyaqlı bir neshe epizodlar da qosa súwretlenedi. Ámet hár kúni qashqın ákesiniń toğayda, jasırınıp atırğan jerine azıq-awqat jetkerip turadı.

«Muğallimge raxmet» povesti de xronikalıq syujetke qurılğan. Jazıwshınıń bul povesti temasınan kórinip turğanınday, bilimlendiriw máselesine arnalğan. Shığarmada jańa húkimet mektepleriniń payda bolıwı, Qaraqalpaqstandağı bilimlendiriw máselesi, jańasha oqıtıw usılları, xalıqtı ğalaba sawatlandırıwda elimizge dáslepki muğallimniń keliwi, olardıń xalıq ushın islegen pidákerlik xızmetleri, balalarğa jańa bilim beriwdegi mashaqatlı isleri hám t.b. turmıslıq waqıyalar negizinde, izbe-iz túrde tásirli hám kórkem obrazlı etip sáwlelengen.

Povest waqıyaları shığarmanıń qaharmanı Turdımurattıń tilinen bayanlanadı. Shığarmadağı barlıq waqıyalar «Dóngelek kól» átirapında bolıp ótedi. Povest «Dóngelek kól» awılınıń tábiyat kórinisin súwretlew menen baslanadı. Shığarmada syujetindegi waqıyalar awılğa kelgen dáslepki muğallim Meńlimurattıń átirapında sóz etiledi. Meńlimurat awılğa kelip, awıl balaların oqıtıw maqsetinde úyme-úy kirip, balalardıń ata-analarına ul-qızların mektepte oqıtıwın násiyatlaydı. Shığarmadağı turmıslıq waqıyalar xronikalıq syujet tiykarında rawajlanıp baradı. Balalardıń ata-analarıjańa tálimde oqıtıwdı ersi kórip, dáslep, Meńlimurat muğallimdi qabıl ete almaydı, hátteki, muğallim úylerine kelgende balaların jasırıp qoyadı. Jańasha kózqarastağı muğallim awıl adamları ushın mollanıń eskishe dúnyatanımı boyınsha pútkilley jat adam. Sonıń ushın da,

muǵallim menen dáslepki ushırasqanında awıl balaları da, usınday túsinikte bolıp, seskenip, onnan qashadı hámde ata-anaları da, balaların oqıtıwdan bas tartadı. Usı qarsılıqlarǵa qaramastan Meńlimurat muǵallim dáslep, Turdımurattı sońınan Gúlay, Sayıp, Qunnazar, Sársenbaylardı jańa mektepte bilim alıwǵa kóndiredi. Bul islerde, ásirese, doslarına oqıwdıń paydalılıǵın, Meńlimurat muǵallimniń ǵamxor ekenligin aytqan Turdımurattıń járdemi ayrıqsha boladı. Hátteki, balalardıń jasırınǵan jerin tawıp bergeni ushın ata-anası, awıl adamları, qońsı-qobaları ókpelese de, Turdımurat bunday islerde belsendilik kórsetedi. Awılda tek shańǵıtıp asıq oynap júrgen balalar mektepke barıp, muǵallimnen hár kúni ibratlı áńgimeler, batır-márt balalar haqqındaǵı ańız-ápsanalardı esitip, ilim sırların úyrene baslaydı. Meńlimurat áste-aqırınlıq penen olardı taza, azada, tártipli bolıwǵa, salamatlıǵın bekkemlew ushın dene tárbiyası sabaqlarına qatnastırıp, hár kúngi sabaqqa degen olardıń intasın hám qızıǵıwshılıǵın asırıp barıwǵa erisedi.

Nátiyjede, balalardıń ózleriniń de bilim alıwǵa bolǵan qushtarlıǵı artıp, sabaqlardan qalmay qatnasıwǵa tırısadı.

«Xronikalıq syujette waqıyalar arasında waqıt múnásibeti (A waqıya júz bergen soń, B waqıya júz beredi) jetekshilik etse, konsentrlik syujet waqıyaları sebep-nátiyje múnásibeti (A waqıya júz bergeni ushın, B waqıya júz beredi) jetekshilik qıladı» [9:103].

Jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń «Suwıq tamshı» hám «Uyqısız túnler» povestleri usınday konsentrlik syujet negizine qurılǵan shıǵarmalar qatarına kiredi.

«Suwıq tamshı» povestiniń waqıyaları gúrrińshi qaharman Kamaldıń monshada jazıwshı menen ushırasıw epizodınan baslanadı. Yaǵnıy, shıǵarmanıń prologında Kamal avtor menen monshada tanısadı. Avtor onı áskeriy kazarmaǵa shekem shıǵarıp saladı hám Kamal keterinde oǵan óziniń ómiri haqqında jazǵan kúndelik dápterin berip ketedi. «Jazıwshı shıǵarmanı oqıwǵa usılayınsha qızıqtırıp bolıp, lirikalıq qaharman Kamaldıń ishki sırların onıń sanasında konflikttiń eń kúsheygen waqtında baslaydı» [1:33].

Kamal berip ketken qos dápterde povest qaharmanınıń ómirge degen kózqarasları menen xarakterlik ózgeshelikleri kúndelik dápterde sáwlelenedi. Kamaldıń anası Gúljan pochtalon, ózi etikshilik etip kún keshiredi. Ákesi Jamal urısta dushpan tárepke ótip ketip, satqınlıq etken, jáne «anonimlik» jalaxor arzagóy bolǵanlıǵı ushın Kamal júdá tómenshik, natıq jigit bolıp erjetedi. Klaslası Ómirbaydıń: «– Áy, aqmaq, meniń ákemdi qamatqan seniń ákeń eken ǵoy! Haramnıń balası!» [4:208] – degenine arlanıp, ómirden birotala waz keshiw niyetinde, «Satqınnıń bir tamshı qanınan dóregen qumalaq. Maǵan ómir súriwdiń ne keregi bar?» [4:207] degen oy menen qarnına pıshaq urıp, ózin-ózi jaraqatlap, emlewxanaǵa túsedi. Jaqsı adamlardıń járdeminde Kamal tiri qaladı.

«Uyqısız túnler» povestindegi waqıyalar da Gúlzardıń biraz jıllar ótkennen soń ózin ólimnen qutqarǵan qaraqalpaq soldatın izlewi, hár qanday qıyınshılıqtı jeńiw jolındaǵı gúresleri tiykarında ashıladı. Shıǵarmadaǵı waqıyalar epizodtan-epizodqa ótken sayın rawajlanıp, usı jaǵdaylarda tiykarǵı qaharmannıń, yaǵnıy, Gúlzardıń xarakteri qáliplesip, oqıwshınıń kóz aldında janlı sáwlelenedi.

Povesttiń prologında avtor Gúlzar Qaraqalpaqovanıń ájayıp portretine kórkem teńewlerdiń járdeminde sıpatlama berip, tiykarǵı waqıyalardıń súwretleniwine jol ashadı. Shıǵarma waqıyaları Gúlzardıń tilinen birinshi betten bayanlanadı hám tiyisli orınlarda avtor bayanlawshı tárepinen de qaharmannıń kózqarasları, ishki keshirmeleri hám onıń xarakteri, psixologiyalıq ózgeshelikleri ashıp beriledi.

«Retrospeksiyanıń tiykarǵı wazıypaları personajdıń ótmish turmısı, táriypi, onıń minez-qulqın ańlaw hám bahalaw, ótmish waqıyaları tiykarında qaharmanlardıń házirgi ómirine tásir ótkeriw hám onı sol sebepli de waqıyalardıń rawajlanıwın jáne de kúsheytiw» [10:132] den ibarat.

T.Qayıpbergenovtıń «Tánha ózińe málim sır» povestiniń waqıyaları shıǵarmanıń baslı qaharmanı Perixannıń átirapında júz beredi. Shıǵarmadaǵı waqıyalar erte báhár ayında bolıp ótedi. Kewli quwanıshqa tolıp-tasıp, qızı Svetlananıń toyına kiyatırǵan baxıtlı ana Perixan avtobusta qasındaǵı jolawshılar menen áńgimelesip, tez arada qalaǵa jetip keledi. Awıldan alıp kiyatırǵan qaltasın arqalap, taksige minip, qızınıń kvartirasına kelse, kvartira iyesi – kempirden qızınıń bul jerden shıǵıp ketkenin esitip, kewli tınıshsızlanadı. Sol waqıtta qızı Svetlana da jetip kelip, anası menen kórisip, jańa úyine mirát etedi. Sonsha jerden qızınıń toyına qoy soyıp ákelgen anası, qaltanı arqalap, biyik jaydıń besinshi qabatına zorǵa kóteriledi. Suwıq suwǵa juwınıp shıqqan Perixan biraz ózine kelgennen soń, tósestirip qoyılǵan bólmege kirip, jaydaǵı tórgi diywalǵa ildirilgen súwretlerdi hám olardıń qatarında iyinlikke ildirilgen aydınlı kóylekti kózi shalǵanı máttal, «Sorım!!!» dewi menen dus tómenine jıǵıladı. Perixan óziniń sharshaǵanın bánelep, ózine kelgenshe ústine hesh kimdi kirgizbewdi qızınan ótinish etip, mańlayın tasqa urıp, azǵantay bası meń-zeń bolıp, óziniń ótken ómir jolın, jaslıǵın kóz aldına eleslete baslaydı. Onnan keyingi povest syujetindegi waqıyalarınıń bárinde Perixannıń ótmish táǵdirin kóz aldına elesletiwleri, eske túsiriwleri hám ishki monologları arqalı sáwlelenedi. Perixan kórpe astında búrkenip jatıp, bir túnniń ishinde hár bir máwritti óziniń ótmish táǵdiri menen házirgi basınan keshirip atırǵan waqıyalardı oylap tolǵanadı. Usılayınsha povesttegi barlıq waqıyalar bas qaharman Perixannıń oy-sezimleri arqalı ashıp beriledi.

Búgingi kúnde jazıwshılarımız tárepinen kóbirek qaharmanlardıń ishki dúnyasın ashıp beriwge, olardıń psixologiyasında júz berip atırǵan ózgerislerdi sáwlelendiriwge dıqqat itibar qaratılmaqta. Usınday shıǵarmalardıń qatarına T.Qayıpbergenovtıń «Qara dápter» povestin atap ótiw orınlı. Povesttiń syujetinde ózinen jigirma jas úlken Embergenge ashıq bolıp qalǵan jas qız Ayshanıń taǵdiri hám onıń pák muhabbatı sáwlelengen. Shıǵarmada jas oqıwshı qız Aysha ózinen ádewir jas úlken Embergendi shın kewlinen jaqsı kórip qaladı. Ol Embergenniń dostı Orazdıń aldawına ushırap, qıyanetke duwshar boladı. Usı waqıya sebepli Embergen sol kúni ózin-ózi júk mashinasınıń astına taslap, awır jaǵdayda emlewxananıń janlandırıw bólimine túsedi. Bul waqıyadan xabardar bolǵan Aysha Embergenniń ózine keliwin kútip otırıp, óziniń basınan keshirgen ótmish waqıyaların, Embergen menen tanısqanǵa shekemgi hám tanısqannan keyingi táǵdirin «Násiyatnama xat»qa túsiredi. Povest syujetindegi waqıyalar usı tárizde Ayshanıń óz táǵdirin, muhabbat haqqındaǵı ishki keshirmelerin, quwanıshları hám hásiretlerin kóz aldına keltiriwi, eske túsiriwleri formasında sáwlelenedi. Sonday-aq, povestiń syujetinde ómir, muhabbat hám taǵı basqa oy-pikirler, Muhammed

payǵambar hám Aysha ana haqqındaǵı ápsanalar, qaharmanlar kórgen túsleri de orın alǵan. Sonıń menen birge, shıǵarmanıń prologında avtordıń ómir, jámiyet haqqındaǵı tolǵanısları, muhabbat tuwralı pikirleri de keltirilgen. Ayshanıń Embergendi bir kórgennen-aq, oǵan degen ıshqı muhabbat sezimleriniń payda bolıwı, qanday qıyın jaǵdaylardı basınan keshirse de súygen adamına sadıq qalıwı, onıń sanasında júz berip atırǵan oy-qıyalları arqalı sáwlelenedi.

Juwmaqlap aytqanda, jazıwshı T.Qayıpbergenov biz sóz etip ótken povestleriniń syujetindegi waqıyalardı bayanlawda, insan táǵdirin súwretlewde, qaharmannıń psixologiyasın hár tárepleme tereń ashıp beriwde xronikalıq, konsentrlik, retrospektivlik hám associativlik sıyaqlı bir neshe syujet tiplerinen sheber paydalanıw arqalı olardıń ruwxıy dúnyasına tereń kirip barıp tallaw jasawǵa erisken. Nátiyjede, jazıwshı povestleri menen tanısıp, oqıǵan hár qanday kitap oqıwshısında úlken qızıǵıwshılıq oyanıp, estetikalıq zawıq baǵıshlaw menen este qalıwı sózsiz.

**Ádebiyatlar**

1. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
2. Камалов Қ. Қарақалпақ повести (Жанрдың эволюциясы). –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.
3. Ктайбекова З. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ гүрриңлериниң поэтикасы: Филол. илим. филос. докт. (PhD) …дисс.. – Нөкис: 2021.
4. Қайыпбергенов Т. Повестьлер. – Нөкис: «Билим», 2018.
5. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы). – Нөкис: «Билим», 2009.
6. Раҳимов А. Ўзбек романи поэтикаси (сюжет ва конфликт): Филол. фанлари д-ри дисс… автореф. – Ташкент: 1993.
7. Сағыйдуллаева Ж. Қарақалпақ повестьлеринде стильлик изленислер (1980-жыллар). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2020.
8. Худайбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. – Тошкент: «Шарқ», 2008.
9. Quronov D. Adabiyotshunoslikka kirish. – Toshkent: Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti, 2004.
10. Sayfuddinova N. Sarvqomat dilbarim asari syujet tizimida retrospeksiya usuli: // FarDU Ilmiy xabarlari. 2022, №4.

**REZYUME.** Maqolada taniqli yozuvchi T.Qayipbergenov asarlari syujet xususiyatlari tahlil qilingan. Tadqiqot obyekti sifatida yozuvchi povestlari tanlab olingan. Povestlardagi syujet tiplari va ularning qo‘llanilishi misollar asosida o‘rganilib, ilmiy xulosalar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются особенности сюжета в произведениях известного писателя Т.Кайипбергенова. Объектом исследования были выбраны повествования писателя. На основе примеров изучены типы сюжетов в рассказах и их использование, сделаны научные выводы.

**SUMMARY.** The article analyzes the features of the plot in the works of the famous writer T.Kayipbergenov. The object of the study was the writer's narratives. Based on examples, the types of plots in stories and their use were studied, and scientific conclusions were drawn.

## PUBLICISTIKADA AVTOR POZICIYASÍ

**S.M.Tureshova–** *tayanısh doktorant*

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so‘zlar:** publisistika, stil, asar, til, janr, reportaj, dialog.

**Ключевые слова:** публицистика, стиль, произведения, язык, жанр, репортаж, диалог.

**Key words:** publicistic, style, literary work, language, genre, reportage, dialogue.

Publicistikalıq tildiń informaciyalıq hám ekspressivlik quralları, ásirese, reportaj janrında ayqın kórinedi. Bul haqqında usı janrdıń izertlewshisi G.Ya.Solganiktiń pikiri dıqqatqa ılayıq. «Baqlawlardıń kórsetiwinshe, – dep jazadı ol, – reportaj… informativlikten sintetikalıqqa qarap bet burmaqta… ol ómir shınlıǵın sáwlelendiriw barısında, bir jaǵınan, qatal hújjetlilikti, obyektivlilikti, protokollılıqtı, al, ekinshi jaǵınan, emocionallıqtı, tartımlılıq, ashıqlılıqtı óz boyına sińirgen gazetanıń eń jetekshi janrına aylanbaqta» [5].

Bul pikirdi tastıyıqlawshı dáliyl sıpatında avtor pozi- ciyasınıń jarqın úlgilerinen birneshe mısal keltirmekshimiz.

Qaraqalpaqstan xalıq shayırı awdarmashı Muzaffar Axmadtıń «Kitob dunyosi» gazetasında basılǵan «Ziyofat» gúrriń-reportajın alsaq boladı. Reportajdı oqıp otırıp, onıń hár qatarında avtordıń dıqqatlılıǵın, bayqawshılıǵınıń, serliliginiń júzege shıqqanın abaylaymız. Personajlardıń is-háreketleriniń, ishki hám sırtqı pishimleriniń, ım-isharalarınıń, sóylegen sózleriniń eń mayda detallarına deyin avtordıń dıqqatınan shette qalmaydı. Waqıyalar protokoldaǵıday qısqa, dál bayanlanadı. Avtordıń bayanlaw usılı qatań fotografiyalıq hújjetlilik xarakterge iye. Olarǵa qısqalıq, emocionallıq tán. Sonıń menen bir qatarda jazıwshı waqıyalar haqqında informaciyalıq bayanlawda insanıylıq, sociallıq, etikalıq, filosofiyalıq máselelerdi engizedi. Bayanlawshı – avtordıń ózi. Ol waqıyanıń qatnasıwshısı hám júdá serli baqlawshısı bolǵanı bárhama sezilip turadı.

Reportajdıń tiykarındaǵı real hújjetli waqıya qatnasıwshıları da tiykarınan real shaxslar. Qıyaldan qosılǵan hesh nárse joq. Mine usı jaǵdaylar bul shıǵarmanı hesh ekilenbesten reportaj janrınıń qatarına qosıwǵa múm- kinshilik beredi.

Avtordıń ózi bul shıǵarmaǵa janrlıq anıqlama berme- gen. Al, onıń ornına tiykarǵı atınıń («Ziyofat») astına qawısta «Saksoninchi yillar hikayasi» dep qosımsha túsinik bergen. Kórinip turǵanınday, bul jerde «hikoyasi» sózi terminlik mánige iye emes hám bul shıǵarmanıń janrlıq anıqlaması bola almaydı. «Hikoyasi» sózi «voqea», «hangoma», yaǵnıy «áńgime» sózlerine jaqın. Sonıń ushın biziń bul shıǵarmanıń janrın «reportaj» dep anıqlap hám onı usı kózqarastan bahalawımızǵa bir qansha tiykarlar barday.